



## Diocese of Palm Beach

9995 North Military Trail • P.O. Box 109650  
Palm Beach Gardens, Florida 33410-9650

Office of  
THE BISHOP

(561) 775-9595 Fax (561) 775-7035

Mas 5, 2022

Chè sè ak frè nan Kris la:

Nan fen semèn kap vini, 12-13 mas, se koleksyon anyèl Dyosèz Palm Beach pou edikasyon seminaris yo ak fòmasyon prèt yo. Disènman prèt la ak pwosesis fòmasyon seminè a enpòtan, e seminaris yo bezwen sipò espirityèl ak finansye nou. Lajan yo ranmase nan koleksyon sa a ap itilize pou sipòte frè ekolaj, lojman, edikasyon, ak fòmasyon pastoral seminaris nou yo. Pa egzanp, frè ekolaj pou yon seminaris pa ane se \$22,000, epi chanm ak manje pou yon seminaris se \$12,100 pa ane.

Kounye a, gen uit seminaris nan dyosèz nou an ki dedye tèt yo nan pwosesis enpòtan sa a pou disèn vokasyon yo. Avèk favè Bondye a, nou pral gen twa òdinasyon ane sa a: de òdinasyon prèt (Rev. Mesye Daniel Donohue ak Rev. Mesye Armando Leon) epi yon òdinasyon dyakonal (Mesye Marc Gustinelli).

Gras a jenerozite w, seminaris nou yo kapab devoue tèt yo nèt nan travay fòmasyon prèt la, san yo pa bezwen enkyete sou fado finansye seminè a. Avèk yo, wap mache nan vwayaj lafwa a epi asire ke sakreman yo ap kontinye nouri fidèl yo pou jenerasyon kap vini yo.

Sen Pòl di nan Bib la: “Sèvis nap rann lè nou bay lajan sa a pa sèlman satisfè bezwen pèp Granmèt la, men, akòz sèvis sa a anpil moun pral lapriyè Bondye pou di l mèsì” (2 Kor 9:12). Mwen remèsye ou pou lapriyè ou yo pou yon ogmantasyon nan vokasyon mesye sa yo epi asire w ke priyè sa yo ap travay.

,

Avèk rekonesans pou jenerozite w epi tout volonte lapriyè m, se mwen menm

Sensèman nan Kris la,

Monsenye Gerald M. Barbarito  
Evèk Palm Beach